

Aministrasyon Lojman Brockton

Biwo Santral
45 Goddard Road
Brockton, MA 02301
508- 588-6880

Admisyon ak Asistans Lokasyon
1090 Main Street
Brockton, MA 02301
508- 427-9000

[www. Brocktonhousingauthority.com](http://www.Brocktonhousingauthority.com)

Byenvini!

Noumenm nan Administrasyon Lojman Brockton swete w jwenn kè kontan nan nouvo kay ou a. Nou la pou ede w ak nenpòt kesyon oswa pwoblèm ou gendwa genyen. Ti Liv sa a genyen enfòmasyon itil ak konsèy sou fason pou w viv la a, epi li ta dwe reponn anpil nan kesyon w yo. Tanpri familyarize w avèk sa ki ladann epi kenbe li sou men. Ou ka jwenn enfòmasyon anplis sou sitwèb nou an, www.Brocktonhousingauthority.com.

Avan w antre nan kay la

Enspekte apatman w lan ansanm ak ajan BHA w la epi ranpli rapò enspeksyon an. Si genyen atik ki pa fonksyone oswa ki manke, ekri yon nòt pou rapòte sa. Siyen rapò a si sèlman tout atik yo fason yo site yo a – sinon w gendwa responsab andomajman. Ou pral resevwa yon kopi rapò sa a, epi y ap mete youn nan dosye rezidan w lan.

Asiste yon reyinyon **oryantasyon**. Nan moman sa a y ap esplike w kondisyon kontra lokasyon w lan. Asire w ke w konprann tout dwa ak responsablite BHA w yo byen klè. Ou dwe siyen kontra lokasyon w lan pou w ka resevwa kle apatman w lan. Sonje ke se yon kontra legal li ye, donk li l ak anpil prekosyon.

Èske w resevwa yon chèk nan yon ajans piblik? Asire ke w enfòme ajans la sou **nouvo adrès** ou a epi evite entèripsyon livrezon.

Anmenajman

Peman lwaye

Ou dwe peye lwaye nan entèval senk premye jou ouvrab chak mwa. Fason ki pi pratik pou peye se pa retrè otomatik sou kont bankè w. Ou gendwa peye tou pa chèk oswa manda bankè. Si w pa peye lwaye w rive 10 nan mwa a nou pral kòmanse pwosesis degèpisman an. Ou dwe voye lwaye w pa lapòs nan anvlòp ou resevwa fakti mansyèl ou a ansanm ak pati anba fakti a.

Nan ka w pa resevwa fakti w atan, tanpri voye peman w nan adrès ki annapre a:

**ADMINISTRASYON LOJMAN BROCKTON
PO BOX 773
READING, MA 01867-0405**

Tanpri mete non w, adrès ou ak 11 chif nimewo kont ou. Si w genyen nenpòt kesyon sou lwaye w la, tanpri rele biwo manadjè bilding nan.

Kle

N ap ba ou yon kle pou w anmenaje nan apatman an. Nou rekòmande w fè kopi kle kay yon serirye pou rezèv. Nan anpil bilding yo bay yon aksè elektwonik. Y ap chaje w yon frè pou kle oswa aksè elektwonik ki pèdi oswa yo vòlè.

Nan ka w fèmen tèt ou deyò

Si w fèmen tèt ou deyò nan apatman w lan epi nou oblije ouvri pòt la pou ou apre lè travay nòmal yo, n ap chaje w yon frè sèvis pou sa.

Asosiyasyon Lokatè

Yon gwoup lokatè parèy ou te òganize yon Asosiyasyon Lokatè lokatè pou reprezante lokatè bilding nan. Pandan ke yo travay ansanm ak manadjè BHA yo, asosiyasyon w lan òganize aktivite epi enfòmasyon sou enkyetid lokatè yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte Manadjè Aktif ou a pou non yon manm asosiyasyon an:

Non _____
Tel. _____

Apès Responsablite ak Règlemantasyon yo

Nimewo enpòtan

- Pou pifò pwoblèm reparasyon ak antretyen, ki genyen ladann reparasyon ijan, rele Depatman Antretyen BHA nan 508 583-5645 24 èdtan pa jou
- Pou pwoblèm woutin ki genyen lwaye, transfè oswa enfòmasyon jeneral, rele biwo santral BHA a nan 508 588-6880 pandan lè travay nòmal
- Pou ijans ki ka gen lanmò, rele 911

Responsablite jeneral ou yo

Avan w anmenaje, nou te netwaye ak repara apatman w lan ansanm ak aparèy li yo pou asire w ke tout bagay nan bon kondisyon fonksyonman. Se responsablite w pou kenbe lakay ou pwòp ak san andomajman. Nou responsab antretyen ak reparasyon estrikti, aparèy ak lòt ekipman akoz vyeyisman nòmal. Si oumenm, oswa manm fanmi w oswa envite w lakoz domaj, keseswa entansyonèl oswa pa aksidan, n ap chaje w pou reparasyon yo.

Kiyès ki gendwa viv nan apatman w lan

Yo te chwazi apatman w lan pou koresponn ak bezwen fanmi w. Se sèlman moun ki site sou kontra lokasyon w lan ki gendwa viv nan fwaye w. Ou dwe enfòm Manadjè Aktif ou a si plis moun pase sa ki site yo swete viv la oswa si w genyen vizitè pandan plis pase twa jou.

Politik pou Fimen

Pa genyen fimen nan ankenn Administrasyon Lojman Brockton ki genyen ladann apatman w lan. Ou dwe rete ak yon distans 25 pye parapò ak bilding nan pou w fimen.

Transfè apatman

Nou konprann ke bagay yo gendwa chanje. Petèt ke yon manm fanmi w kite kay la, oswa w genyen yon maladi oswa yon pwoblèm ak vwazen w. Pou rezon sa yo ak lòt, mande nou transfere w nan yon lòt apatman ki pi byen reponn ak bezwen w yo.

Soulokasyon ak biznis adomisil pa otorize

Soulwe, pran pansyonè, oswa opere yon biznis san pèmasyon se vyolasyon kontra lokasyon w lan epi gendwa lakoz degèpisman.

Balkon

Kenbe balkon w yo san danje. Balkon yo pa la pou estokaj. Pa pandye rad la oswa mete lòt atik (tankou po flè) tou pre pwent lan kote yo gendwa tonbe epi blese yon moun.

Asirans lokatè

Ou ka pwoteje envestisman w nan mèb ak lòt byen valab, pou sa achte asirans lokatè. Pifò konpayi asirans ki ofri polis pwopriyete kay ekri kouvèti pwoteksyon sa a k ap pwoteje w kont pèt oswa domaj akòz dife oswa lòt risk. Konpayi asirans ou an gendwa konseye w sou vrè polis la. Asirans BHA a p ap pwoteje w amwenske domaj la fèt akòz neglijan BHA oswa ajan li yo.

Machin a lave ak sechwa

Ou bezwen apwobasyon nou avan w enstale nenpòt machin a lave ki egzije chanjman plonbri oswa enstalasyon elektrik oswa avan w enstale nenpòt sechwa rad. Se yon pwofesyonèl lisansye ki dwe fè travay la epi se oumenm k ap peye li. Nan espas yo bay machin kominotè yo pa otorize machin prive.

Klimatizè

Si w vle enstale klimatizè, ou ta dwe dabò pran espesifikasyon yo nan men Depatman Antretyen an. Depatman Antretyen ak/oswa Manadjè Aktif la pral ba ou enstriksyon sou pwosesis enstalasyon an. Gendwa genyen frè sèvis piblik pa klimatizè.

Machin ak paking

Pake sèlman nan espas yo ba ou a epi pa pake sou gazon oswa ou ankenn espas ki andeyò wout la. Vizite w yo gendwa pake nan paking BHA yo lè y ap vizite, toutotan yo pa entèfere ak dwa lòt lokatè. Pèsonn pa gendwa pake nan espas ensandi ki make – y ap rale machin moun ki fè sa sou kont mèt machin nan. Y ap rale machin ki abandone, ki pa anrejistre, oswa ki p ap fonksyone sou kont mèt machin nan. Ale wè Manadjè Aktif ou a pou yon kopi Règlemantasyon Paking ak Towing epi pou jwenn yon Otokolan Paking.

Antretyen apatman an

Pa fè ankenn reparasyon oswa chanjman poukont ou. Rele ling sèvis antretyen BHA a 24 èdtan pa jou. Pèsonèl antretyen BHA a p ap antre nan apatman w lan san pèmision w (amwenske gen yon ijans valab – moun k ap fè reparasyon an ap kite yon nòt espikasyon). Pèsonèl BHA yo toujou gen kat idantifikasyon sou yo. Mande pou wè idantifikasyon sa a avan w kite nenpòt moun antre lakay ou.

Enspeksyon

Jan sa di nan kontra lokasyon w lan, nou pral enspekte apatman w lan yon fwa pa ane nan lè ki rezonab. Nou enspekte pou antretyen ak pou rezon kontwòl bèt nuizib. N ap enfòmè w alavans pou enspeksyon woutin, men nou gen dwa antre san enfòmè w alavans si nou estime ke genyen menas pou sante, sekirite oswa pwopriyete a.

Bèt Domestik

Wè ak Manadjè Aktif ou a pou yon kopi Règlemantasyon Bèt Domestik.

Fatra

Tout fatra dwe nan yon resipyan oswa vlope avan pou w depoze li nan espas fatra oswa poubèl yo. Nou gendwa chaje w yon frè antretyen si w jete fatra a nenpòt kòman. Ou pa ta dwe kite ankenn fatra, bwat, mèb, matla, elatriye. nan koulwa yo. Ou ta dwe retire yo nan bilding nan epi mete yo nan espas fatra andeyò bilding nan.

Kontwòl bèt nuizib

Manje se premye rezon ki fè rat, ravèt, founi oswa lòt bèt nuizib anvayi kay. Kle pou anpeche bèt nuizib se bon estokaj manje ak jete fatra manje. Sèvi ak resipyan estokaj ki byen fèmen epi lè

sa pratik jete fatra manje imedyatman. Si w gen yon pwoblèm bèt nuizib, enfòmè Depatman Antretyen an imedyatman ki pral fè aranjman sèvis ekstèminasyon an.

Plent

Soumèt yon fòm plent ekri ak siyen bay manadjè aktif bilding nan. Fòm yo disponib nan biwo Manadjè Aktif la.

Kenbe nou okouran

Manadjè bilding nan dwe konnen nimewo telefòn ou pou si gen yon ijans. Nan anpil ka, nimewo telefòn ou nesèsè pou operasyon sèvis entèkòm. Ou dwe enfòmè manadjè w si nimewo w chanje. Nimewo telefòn ou konfidansyèl epi nou p ap pataje li ak pèsonn. Ou ta dwe enfòmè Manadjè Aktif ou a tou si w ap deplase nan apatman w lan pandan plis pase yon semèn.

Swen ak antretyen apatman ak lakou

Nimewo enpòtan

Pou pifò pwoblèm reparasyon ak antretyen, rele Depatman Antretyen BHA la nan 508 583-5645.

Etaj

Li bon anpil lè nou siye ak listre planche a souvan. Sèvi ak waks ki baze nan dlo ki vini nan yon boutèy. Pa kole waks, puiske sa gendwa domaje kèk kalite tuil.

Mi

Sèvi ak yon chifon pou retire mak oswa tach òdinè.

Fenèt ak klostra

Netwaye fenèt yo pandan w ap flite yon solisyon netwayaj tankou Windex epi siye yo ak yon chifon swa.

Si klostra fenèt yo vin izaje epi depase laj itilite yo, Depatman Antretyen an pral ranplase yo gratis. Sepandan, y ap chaje w pou ranplase klostra ki kase oswa ki detwi. Si w swete enstale nouvo baton ride, tanpri chache pèmisyon nan men manadjè aktif ou a. Yo gendwa chaje w yon frè pou nenpòt domaj ou lakoz. Rapòte fenèt kase imedyatman bay Depatman Antretyen an.

Plasman foto ak miwa

Sèvi ak sispansyon foto ki monte ak yon klou epi ki fèt pou sipòte pwa foto oswa miwa a. Pa sèvi ak sispansyon ki mande pou pèse oswa ak klou – yo gendwa andomaje mi an. Si w andomaje mi an, y ap chaje w pou reparasyon.

Pentire apatman w lan

Li entèdi pou w pentire apatman w lan nenpòt lòt koulè ki diferan de orijinal la; si w fè sa y ap chaje w frè pou restore sifas la ak koulè orijinal la. Frè restorasyon sa a ka koute chè anpil. Si w ta renmen pentire apatman w lan ak koulè orijinal la, Depatman Antretyen an pral ba ou penti gratis. Tout sa w bezwen genyen se penso, woulo ak twal pwoteksyon.

Swen kontwa

Kontwa yo fèt ak Fòmika, sa ki fè li ka boule ak grate. Pa depoze, kastwòl ki soti nan fou a oswa lòt bagay cho dirèkteman sou kontwa a. Sèvi ak yon planch pou koupe ak rache vyann. Ou gendwa netwaye mak òdinè yo ak yon eponj asyèt oswa poud netwayan tankou Ajax.

Vit pòt ak fenèt

Vit kase se yon pwoblèm ki rive twò souvan pou lokatè yo peye yon frè pou reparasyon. Prevansyon an fasil: Pa janm pouse nan vit la pou ouvri pòt, epi byen fèmen pòt la yon fason pou van an pa andomaje li; nan menm fason an pa janm pouse vit yon fenèt pou ouvri li. Rezidan yo ta dwe asire yo ke jèn timoun pa rive kapab pouse vit fenèt yo pouiske yo pa ekran pwoteksyon epi ka genyen domaj.

Kloti

Nenpòt kloti dwe genyen apwobasyon Manadjè Aktif la ki dwe konseye sou konsepsyon otorizasyon ak enstriksyon enstalasyon yo.

Swen ak antretyen ekipman

Nimewo enpòtan

Pou pifò pwoblèm reparasyon ak antretyen, rele Depatman Antretyen BHA la nan 508 583-5645.

Konsève Enèji

Lè w konsève enèji epi sèvi ak aparèy ak lòt ekipman nan fason rezonab ou ka redui tout fakti enèji nou yo, sa k ap ba nou plis lajan pou atik ki nesèsè yo.

- Etèn tout limyè, radyo ak televizyon moun p ap itilize
- Fikse tèmosta a ak 68 degre pandan lajounen; 62 degre pou lannwit
- Pandan sezon chalè, ouvri rido fenèt yo pandan lajounen pou chalè solèy gratis; fèmen rido yo pou kenbe chalè pandan lannwit
- Kenbe tout pòt ak fenèt fèmen lè w ap itilize chofaj oswa klimatizè
- Espesyalman pandan mwa ete cho yo lè genyen gwo demann pou elektrisite, eseye sèvi ak machin a lave, sechwa, fou oswa lòt aparèy ki sèvi ak anpil enèji bonè nan maten oswa ta leswa
- Pa retire ankenn dispozitif pou ekonomize dlo
- Lave gwo kantite rad alafwa olye de ti kantite
- Rapòte imedyatman wobinè ak twalèt ki koule imedyatman bay Depatman Antretyen nou an.

Sikui elektrik

Pa janm sichaje sikui yo. Sa gendwa aktive brekè elektrik yo oswa menm lakoz dife.

Fou

Kenbe founo yo pwòp pote plis chalè epi ede fè plis ekonomi. Netwaye gri ak founo yo pandan w ap retire yo epi tranpe yo nan yon solisyon dlo cho ak detèjan oswa bikabonat. Epitou, si w genyen yon fou ak yon limyè pilòt, asire w ke limyè pilòt la toujou limen. Netwaye sifas fou a ak yon chifon mouye ak likid detèjan. Pa ouvè pòt fou oswa limen brilè pou chalè anplis nan apatman an. Sa gendwa lakoz dife.

Machin a lave ak sechwa

Ou pa ta dwe mete twòp rad nan machin a lave yo epi filtè ak sechwa yo ta dwe netwaye apre chak itilizasyon. Prensip sa yo aplikab pou ni machin kominote yo ak pwòp machin ou yo. Antretyen pa responsab enstalasyon machin a lave ak sechwa lokatè yo. Evakyasyon sechwa a dwe konekte ak priz evakyasyon sechwa ke yo bay nan apatman an.

Plonbri

Kèlke pratik senp ka evite reparasyon ki koute chè.

- Pa vide poud kafe nan evye oswa twalèt la.
- Enstale yon krepin douch ki pa chè pou anpeche cheve bouche tiyo yo epi lakoz dlo a remonte
- Se sèl papye ijyenik ki ka flòch nan yon twalèt – materyèl tankou sèvyèt sanitè, kouchèt, jounal ak chifon gendwa lakoz blokaj epi pou dlo a remonte.
- Kenbe syèj twalèt la anba lè li p ap sèvi epi pa sèvi ak tank twalèt la (oswa lavabo a) kòm etajè pou mete bwòs, boutèy, jwèt timoun ak lòt atik. Mezi senp sa yo ka anpeche atik flòch pa aksidan
- Pou evye ak twalèt, yon piston ka netwaye blokaj minè. Pou gwo blokaj pa sèvi ak evye oswa twalèt la epi rele Depatman Antretyen an imedyatman

Sistèm chofaj

Pou kontwòl tanperati a sèvi ak tèmosta ki nan mi an. Si apatman w lan toujou twò cho oswa frèt apre w fin fikse tanperati apwopriye a (jeneralman 62 rive 68 degre), rele Depatman Antretyen an imedyatman.

Resepsyon televizyon ak radyo

Ankenn antèn oswa parabolik ta dwe enstale san apwobasyon. Nenpòt antèn oswa parabolik ta dwe rete nan espas w ap viv la epi li pa ta dwe nan ankenn espas komen. Yo ta dwe byen sekirize pou yo pa tounen yon danje lè gen tanpèt. Yo pa ta dwe atache dirèkteman ak bilding nan oswa ray yo ak vis – yo dwe sèvi ak kolye seraj epi pa dwe genyen penetrasyon anvlòp bilding nan pou kabla oswa atachman antèn oswa parabolik la.

Klimatizè

Fikse klimatizè w ak 72 degre pral bay konfò ak ede ekonomize enèji.

Vantilatè evakyasyon

Si twalèt oswa kuizin ou genyen vantilatè evakyasyon, retire filtè (ki twouve li pa anba manch vantilatè yo) lèrezantan epi nitwaye li ak dlo oswa detèjan.

Espas Komen

Nimewo enpòtan

Pou pifò pwoblèm reparasyon ak antretyen, rele Depatman Antretyen BHA la nan 508 583-5645. Pou enfòmasyon anrapò ak itilizasyon biling nan ak règlemantasyon yo, rele Manadjè Aktif ou a. Ekri non ak nimewo li la a:

Devlope kominote

Yon ti konsiderasyon pou vwazinaj ou ka gen enpak ki dire. Pa gen pwoblèm pou gen tele, radyo ak fèt, men tanpri kenbe nivo bri yo ba. Respekte dwa vwazen w yo pou lapè epi tou kenbe anviwònman w pwòp ka fè mirak. Eskalye, asansè ak lòt espas kominotè yo fè pati de kay ou tou. Nou ankouraje w aprann konnen vwazen w yo epi travay ansanm avèk yo pou devlope yon sans kominote ak fyète nan espas komen yo.

Sant kominotè

Sal sa a disponib pou lokatè yo sèvi. Mande Manadjè Aktif oswa reprezantan konsèy lokatè yo plis detay.

Asansè yo

Yo kenbe asansè bilding ou an nan kondisyon operasyon san danje. Pou sekirite w pa bay bouton kontwòl yo dwèt epi kenbe kantite moun k ap monte asansè a enferyè ak chif yo site andedan li a. Lè w ap deplase mèb pa kite pòt asansè a ouvri pandan anpil tan puisque sa ka lakoz asansè vin pa fonksyone. Epitou, pran prekosyon pou pa grate oswa andomaje pòt oswa mi asansè yo.

Eskalye, koridò ak koulwa

Oumenm ak vwazen w yo pataje responsablite pou kenbe espas sa yo pwòp ak byen ranje.

Sal sèvis

Sal sa yo genyen ladan yo aparèy chofaj yo. Li danjere pou mete rad oswa nenpòt materyèl nan espas sa yo. Pou evite dife, pa estoke anyen nan sal sèvis yo.

Sousòl

Si bilding apatman w lan gen yon sousòl, oumenm ak vwazen w yo responsab pou kenbe li pwòp. Pa estoke ankenn materyèl ki ka pran dife la a, epi kenbe nenpòt materyèl lwen aparèy chofaj ki la yo. Li entèdi pou sèvi ak sousòl yo kòm chanm, salon, repè, sal rekreyasyon, elatriye. Sa ilegal epi li kont kòd ensandi aktyèl yo.

Espas fatra

Depoze sèlman fatra ki byen mare ak vlope. Asire w ke chak anbalaj fatra ase piti pou pase nan espas fatra a. Pa voye bwat oswa ankenn lòt atik nan espas fatra a. Rapòte nenpòt fatra ki remonte imedyatman bay Depatman Antretyen an.

Ling

Apatman fanmi ak jaden yo genyen ling pou w ouvri rad. Asire w ke w retire rad ou yo imedyatman yo sèch yon fason pou lòt moun sèvi ak ling yo.

Tablo afichaj

Tcheke resous pratik sa a souvan pou enfòmasyon sou aktivite, sèvis ak lòt nouvel. Si w ta renmen afiche yon avi, dabò chache apwobasyon manadjè bilding ou an.

Balkon

Si apatman w lan gen yon balkon, ou pa ta dwe sèvi avèk li pou estokaj; sa kon règlemantasyon Depatman Ponpye. Ou ka mete chèz ak tab pou itilize nan espas sa a kòm yon espas pou detant ak distraksyon. Si yo anonse yon tanpèt li preferab pou retire tou atik ki sou balkon an puisque gwo van gendwa fè yo voltije epi tounen yon menas pou sekirite lòt moun.

Enkyetid ak sekirite granmoun aje

Nimewo enpòtan

Pou jwenn èd anrapò ak pwoblèm sekirite ak pwoteksyon batiman an, rele manadjè bilding nan. Ekri non ak nimewo li la a: _____

Sistèm sekirite vwa ak tele

Lè yon moun vin vizite w, li sonnen apatman w lan epi li kominike avèk ou gras ak sistèm apèl la – nan menm fason ak yon wòkitòki. Li parèt nan kamera epi li vizib pou ou nan apatman w lan. Nan fason sa a ou ka idantifye moun anvan w kite yo antre lakay ou. Mete zanmi ak fanmi okouran de sistèm sa a. **Pa janm kite nenpòt moun antre nan apatman w lan san w pa konnen yo epi mande tout etranje yon idantifikasyon.** Nou entèdi pou vandè oswa solisite antre nan bilding nou yo (eksepte ak pèmisyon ekri) donk fè atansyon espesyalman ak moun ki di y ap vann yon bagay.

Sistèm alam ijans

Yon alam oswa limyè ki parèt pa deyò pòt apatman w lan gendwa avèti vwazen yo nan ka gen yon ijans. Si w gen yon pwoblèm sante oswa yon lòt pwoblèm, monte entèripte ijans lan ki twouve li nan twalèt oswa nan chanm ou an. Pòt apatman w lan ap ouvri epi limyè oswa alam nan pral rete limen jiskaske yon moun vin ede w. Sa pa pral enfòmè nenpòt lòt ijans pèsònèl. Pou sèvis ijans, rele 911.

Manch pòt talèt

Pifò twalèt yo genyen manch pou ede moun ki fèb yo antre ak sòti nan beywa yo. Si w santi manch sa a pa ka sipòte pwa moun k ap sèvi ak li a, kontakte manadjè batiman an.

Fèmen pòt ou

Yon pòt ki fèmen souvan bare wout vòlè – yo prefere sib ki fasil ak diskresyon. Pa ranplase seri pòt ou a san konsantman nou paske nou bezwen antre nan apatman w lan si gen ijans.

Ensandi – pwosedi prevansyon ak evakyasyon

Nimewo enpòtan

Depatman Ponpye Brockton 508- 583-2323
sistèm ijans 911: 911

Ede anpeche ensandi

- Pa al kouche ak yon kousen chofaj limen
- Pa sèvi ak twòp plòg pou fè aparèy fonksyone, puiske sa ka lakoz yon dife elektrik.
- Fèmen aparèy yo lè w ap kite apatman w lan
- Sèvi ak anpil prekasyon lè w ap sèvi ak lèn elektrik – swiv rekòmandasyon fabrikan an
- Pa sèvi ak rad ki twò lach lè w ap fè manje
- Bloke flanm k ap soti nan kaswòl ak yon gwo kouvèti epi etenn brilè a -- kite kaswòl k ap boule a sou fou a
- Sèvi ak poubèl an metal olye de poubèl an plastik
- Sèvi ak flach olye de alimèt oswa bouji

Prepare pou enprevi

Pran tan abitye ak bilding ou an ansanm ak soti eskalye ak bwat alam ensandi yo. Diskite sou fason oumenm ak fanmi w ap soti nan bilding nan si genyen dife. Men kèlke lide pratik:

- Konte kantite mach ki genyen nan soti chak eskalye – sa ka ede w jwenn eskalye a si pa gen limyè oswa si w twouve nan mitan gwo lafimen
- Desine wout sòti yo epi mete li sou frijidè w yon fason pou tout moun gen yon rapèl vizyèl konstan
- Mete yon anplasman andeyò bilding nan kote manm fanmi w pral rankontre si w dwe evakye

Bon planifikasyon ka ede w ak fanmi w siviv.

Si gen ensandi

Ensandi nan apatman w lan:

- Rele depatman ponpye a oswa konpoze 911 epi di operatè a bilding apatman w lan, nimewo ri, etaj ak nimewo apatman w lan
- Kite apatman w lan imedyatman epi fèmen pòt ou san w pa take li
- Rale bwat alam ensandi ki pi pre a
- Alète vwazen w yo
- Kite bilding nan epi reyini ak fanmi w nan espas ki pre-aranje a

Ensandi tou pre apatman w lan:

- Rele depatman ponpye a oswa konpoze 911 epi di operatè a bilding apatman w lan, adrès ri a, ak etaj ki gen dife a
- Touche manch pòt apatman w lan pou ou wè si li cho – si li cho, rete andedan paske genyen dife nan koridò a, epi apatman w lan genyen plis sekirite pase koridò a
- Si manch pòt ou a frèt, ouvri pòt la yon ti kras pou w gade si gen lafimen – souvan lafimen tiye moun anvan flanm dife
- Si pa genyen gwo lafimen, soti nan yon eskalye epi reyini ak fanmi w nan espas pre-aranje w la
- Si genyen dife ak gwo lafimen nan koridò a, rete andedan:
 - Bouche pòt ou ak dra oswa sèvyèt mouye
 - Si apatman w lan vin gen lafimen, nouvri nenpòt fenèt k ap pèmèt lè fre antre epi kouche atè a anba lafimen an
 - Si w gen yon balkon, rete sou li epi fèmen pòt balkon an
 - Rete tann pèsònèl sekou oswa dife yo rive

Ensandi nan Bilding ou an:

- Si Alam Ensandi a sonnen epi w pa wè dife oswa lafimen, nan ka sa w ta dwe rete sou plas jiskaske Depatman Ponpye rive pou ede w oswa jiskaske yo di tout bagay anfòm.

Kalifikasyon w pou lojman piblik

Salè w dwe tonbe nan sèten limit pou w resevwa asistans lojman.

Revizyon anyèl

Jan lalwa egzije sa, yon fwa pa ane nou revize sitiyasyon finansyè w pou asire ke w toujou kalifye pou asistans lojman piblik.

Revizyon enterimè

Nou gendwa revize sityasyon w tou pou nenpòt nan evènman sa yo:

- Kantite manm fanmi an ogmante oswa diminye
- Salè w ogmante oswa diminye
- Aktif ou yo ogmante oswa diminye

Ou dwe rapòte nenpòt chanjman

Rapòte chanjman nan salè, aktif oswa gwosè fanmi imedyatman. Si w pa rapòte sa atan, yo ka voye yon fakti pou yon lwaye pi chè ba ou.

Demenaje -- kisa w dwe konnen ak fè

Responsablite w

Ou dwe:

- Ba nou yon avi pa ekri 30 jou avan w demenaje
- Peye nenpòt dèt lwaye ke w dwe
- Peye nenpòt frè andomajman (vyeyisman nòmal aparèy ak estrikti pa ladann)
- Kite apatman w lan pwòp ak nan bon kondisyon epi pran responsablite pou li jiskaske remèt nou kle a
- Kite nenpòt fatra devan pòt prensipal la
- Fèmen fenèt ak pòt yo
- Paking kamyonèt demenajman oswa nenpòt machin akote wout la pou chaje byen w yo – pa kondui sou kote wout la oswa sou gazon an

Si w kite byen pèsònèl dèyè nan pwopriyete a

Si w kite dèyè rad, ekipman oswa nenpòt lòt atik nan apatman w lan apre w fin remèt kle a, nou sipoze ke atik sa yo abandone epi n ap jete atik sa yo. Nou gendwa chaje kont ou yon frè pou retire atik pèsònèl ke w kite dèyè.

Bòn chans pou ou

Nou swete ke tout bon vwazen ap kontinye reyisi ak pwogrese nan travay ak nan lavi yo.

Reklamasyon – konnen dwa w yo

Antanke lokatè BHA ou genyen kèlke dwa, ki genyen ladann pote pwoblèm devan nou epi pou w resevwa yon odyans san patipri ak rezolisyon pwoblèm ou an.

Kiyès ki ka fè reklamasyon?

Nenpòt lokatè BHA ki kwè ke dwa li, devwa, byennèt oswa kondisyon li te afekte nan fason negatif akòz aksyon oswa mankman aksyon BHA gen dwa ak yon odyans.

Kisa ki yon reklamasyon valid?

Nenpòt litij anrapò ak aksyon oswa mankman BHA pou aji selon egzijans kontra lokasyon an oswa nenpòt aksyon oswa mankman aksyon BHA pou aji anrapò ak entèpretasyon oswa aplikasyon règlemantasyon, politik oswa pwosedi BHA k ap afekte dwa, devwa byennèt oswa sityasyon lokatè yo.

Kisa ki pa yon reklamasyon valid?

Pwosedi reklamasyon BHA la pa la pou rezoud litij ant lokatè, litij ki pa enplike nou dirèkteman, oswa reklamasyon pwosè kolektif. Epi pou pwosedi sa a pa la pou defann oswa negosye chanjman nan règlemantasyon BHA yo.

Kiyès ki jere dosye reklamasyon yo?

Sekretè Jiri Reklamasyon BHA a kenbe dosye ak korespondans yo.

Etap 1: Depoze yon plent

Pèsonn pa swete pase nan yon pwosedi fòmèl ki ka rezoud ak yon diskisyon enfòmèl. Nou prefere diskite bagay la epi sèlman fè yon odyans si diskisyon an pa reyisi rezoud pwoblèm nan. Nan kèlkeswa ka a, ou dwe depoze yon fòm plent ak manadjè bilding ou an nan entèval 10 jou ouvrab apati moman w te santi nou vyole dwa w yo. Ou gendwa mansyone reklamasyon an epi fè demann aksyon an nan fòm sa a.

- Depoze plent ou an alekri bay manadjè bilding nan
- Ou pral jwenn yon repons ekri nan entèval 10 jou ouvrab apre w fin depoze li ki pral esplike rezon ki fè BHA te fè aksyon an
- Si w pa satisfè ak repons nou an, dabò diskite sou pwoblèm nan ak manadjè bilding ou an
- Si, apre yon diskisyon enfòmèl, ou toujou pa satisfè, ou ka soumèt yon demann pou yon odyans reklamasyon fòmèl

Etap 2: Mande yon odyans reklamasyon

- Soumèt yon demann odyans reklamasyon bay Sekretè Jiri Reklamasyon an nan entèval 10 jou ouvrab ou te resevwa repons plent alekri nou an – si w pa soumèt plent ou an nan peryòd sa a, ou renonse ak dwa w genyen pou yon odyans
- Jiri Odyans lan pral pwograme odyans ou an nan entèval 14 jou demann ou an oswa imedyatman ke sa pratik

Etap 3: Pwosedi reklamasyon

- Ou gendwa prezante devan Jiri Reklamasyon BHA a pou esplike pwoblèm ou a ak plis detay
- Si plent ou an gen rapò ak lokasyon, ou dwe depoze yon mwa lwaye sou yon kont tyès epi kontinye depoze montan sa a chak mwa jiskaske Jiri Reklamasyon an pran yon desizyon. Yo gendwa anile dispozisyon sa a nan sikonstans espesyal. Si w pa rive fè depo sa yo, n ap kanpe ak sijè reklamasyon an sou baz egzijans legal
- Desizyon Jiri Reklamasyon an se dènnye aksyon w ka poze nan òganizasyon BHA a – si w toujou pa satisfè w ka pase ak aksyon legal

Etap 4: Aksyon legal

- Se dwa w pou w konteste desizyon nou nan yon tribinal legal, nan ka sa a w ap responsab pou tout depans legal ou yo tankou peye yon avoka